136 Umambo Hwavapo —Ngahuuye!

(Zvakazarurwa 11:15; 12:10)

1. Jehovha, makangogara
Muripo narini.
Makapa Jesu chigaro;
Makati atonge.
Ushe hwaJesu hwazvarwa;
Huchatonga pasi rose.

(*KORASI*)
Zvino zvaitika,
Ruponeso neumambo.
Umambo hwavapo.
"Ngahuuye, Ngahuuye!"

2. Satani haana nguva;
Zvinhu zvichachinja.
Kunyange tichitambura,
Totarisa mberi.
Ushe hwaJesu hwazvarwa;
Huchatonga pasi rose.
(*Korasi*)

3. Ngirozi dzinopembera
Kudenga nom'faro.
Satani nenhema dzake,
Adzingwa kudenga.
Ushe hwaJesu hwazvarwa;
Huchatonga pasi rose.
(*Korasi*)

(Onawo Dhan. 2:34, 35; 2 VaK. 4:18.)

© 2015 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania